

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

**Ngelmu iku kalakone kanthi laku
Lekase lawan kas
Tegese kas nyantosani
Setya budya pengekesing durhangkara**

Pocung

1. Sebutna ana pira guru gatra tembang pocung!
2. Sebutna guru wilangan tembang pocung!
3. Sebutna guru lagu tembang pocung!

**Mangka kanthining tumuwuh,
salami mung awas eling,
eling lukitaning alam,
dadi wiryaning dumadi,
supadi nir ing sangsaya,
yeku pangreksaning urip.**

Kinanthi

1. Sebutna ana pira guru gatra tembang kinanthi!
2. Sebutna guru wilangan tembang kinanthi!
3. Sebutna guru lagu tembang kinanthi!

**Sigra milir sang gèthèk sinangga bajul,
kawan dasa kang njagèni,
ing ngarsa miwah ing pungkur,
tanapi ing kanan kéring,
sang gèthèk lampahnya alon.**

Megatruh

1. Sebutna ana pira guru gatra tembang megatruh!
2. Sebutna guru wilangan tembang megatruh!
3. Sebutna guru lagu tembang megatruh!

**Dedalanne guna lawan sekti,
kudu andhap asor,
wani ngalah dhuwur wekasane,
tumungkula yen dipundukanni,
ruruh sarwa wasis,
samubarangipun,**

Mijil

1. Sebutna ana pira guru gatra tembang Mijil!
2. Sebutna guru wilangan tembang Mijil!
3. Sebutna guru lagu tembang Mijil!